



ANONS POU PREMYE REYINYON POU RALONJE GRATIGNY PARKWAY NAN DIREKSYON LÈS RIVE SOU I-95 ETID POU DEVLOPMAN PWOJÈ AK ANVIWÒNMAN ZÒN NAN

Biwo ki okipe afè gran wout nan Miami "The Miami-Dade Expressway Authority" (MDX) ap organize yon premye rankont piblik pou anonse popilasyon an etid yo pral fè sou yon pwojè pou ralonje Gratigny Parkway nan direksyon ès rive sou I-95. Etid sa a pral evalye ki lòt mwayen ki genyen pou amelyore deplasman moun nan zòn nan, redui blokis, epi mete plis sekirite pou chofè machin ak moun ki rete nan zòn nan k ap passe nan wout sa a. Tanpri Vin chita pale avè nou:

**Mèkredi 15 septanm 2010
6 è diswa pou 8 è diswa
Miami Dade College North Campus
MJ Taylor Lounge, Room 4207 (Bildin 4, dezyèm etaj)
11380 NW 27th Avenue
Miami, FL 33167**

Premye reyinyon piblik sa a va bay moun ki rete nan zòn nan, moun ki gen pwopriyete nan zòn nan ak tout moun ki enterese, chans pou yo jwenn ransèyman sou pwojè a epi pou yo di sa yo ta vle ki fèt nan pwojè sa a pandan faz sa a. Patisipasyon ou ak lide ou gen pou bay yo enpòtan anpil.

Tout kote MDX fè reyinyon I yo ann akò ak règleman Lwa ki pwoteje dwa moun andikape (American with Disabilities Act). Y ap bay moun lòt èd ak sèvis yo bezwen lè yo mande sa omwen 5 jou anvan dat reyinyon an. Si ou soud, telefone konpayi ki rele "Florida Relay Service" la nan nimewo sa yo (800) 955-8771 (TDD) oubyen (800) 955-8770 (Vwa) pou yo kab ede w. Si w bezwen plis ransèyman oswa moun pou ede w, kontakte Matmwazèl Daphne Antoine, Ofisyè Enfòmasyon Piblik. Ou kab kontakte li pa telefòn nan nimewo sa a (305) 551-8100 oswa pa imel: 924east@mdxway.com, oswa ekri Mayra Diaz, Manadjè Planifikasyon nan MDX, nan adrès sa a: 3790 N.W. 21st Street, Miami, Florida 33142.